

Depatman Edikasyon FLORIDA



Gerard Robinson
Manm Komisyon Edikasyon

KONSÈY EDIKASYON ETA

KATHLEEN SHANAHAN,

Prezidan

ROBERTO MARTÍNEZ, Vis-

Prezidan

Manm yo

SALLY BRADSHAW

GARY CHARTRAND

DR. AKSHAY DESAI

BARBARA S. FEINGOLD

JOHN R. PADGET



Chè Paran oswa Responsab Legal,

Ou te ka tande oswa li enfòmasyon sou chanjman nan egzamen yo ak nan nòt lekòl yo, epi w ap mande kisa sa vle di pou pitit ou ak fanmi ou.

Pou ede pi byen prepare elèv yo pou kolèj ak karyè, Depatman Edikasyon Florida fè tranzisyon nan nouvo prensip ki fikse egzijans pou sa elèv yo bezwen aprann nan chak nivo klas ak nan plizyè matyè. Nouvo egzamen yo evalye pwogrès yon elèv fè pou satisfè prensip yo.

Ogmantasyon prensip edikasyonèl yo ak evalyasyon pwogrès yon elèv fè pou satisfè prensip sa yo se bagay ki bon pou fè paske li efikas. Chak fwa nou monte ba a nan Florida, apre nou bese li anvan, nòt yo ogmante. Nan mwa desanm nan, apre remake edikatè yo, paran yo, ak kominote a te bay, Konsèy Edikasyon Eta a te fikse nivo ki pi wo pou elèv yo pase nan egzamen lekti ak matematik.

W ap jwenn relvednòt elèv ou pou Lekti ak Matematik FCAT 2.0 li te fè nan prentan 2012 la. Paske sa se premye fwa nan 10 zan Florida te gen nouvo nivo reyisit nan lekti ak matematik, ou ka wè yon nòt ki pi ba pou elèv ou pase sa li te resevwa anvan. Sa pa vle di pitit ou gen mwens konesans, oswa sa pa vle di pwofesè li pa fè yon bon djòb. Nenpòt lèw nou ogmante prensip yo, kèk elèv ap fè plis efò pou satisfè nouvo egzijans yo.

Nou ankouraje ou pou itilize nòt pitit ou resevwa nan egzamen sa yo kòm yon pwen konvèsasyon avèk pwofesè pitit ou pou detèmine pwochen etap pou ede li reyalize objektif akademik li.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou relvednòt pitit ou nan Entènèt sou sitwèb Depatman an nan *Understanding FCAT 2.0 Reports Spring 2012 (Entèpretasyon Rapò FCAT 2.0 Prentan 2012)* (<http://fcat.fldoe.org/fcat2/pdf/s12uf2r.pdf>). Genyen tou yon nouvo sitwèb pou paran yo kote ou kapab anrejistre pou resevwa enfòmasyon sou edikasyon pitit ou (<http://www.floridapathstosuccess.org>).

Ak tout kè mwen,

Handwritten signature of Gerard Robinson.

Gerard Robinson

Tanpri sonje: Si nou pa t kapab konpare nòt pitit ou nan yon matyè avèk nòt li te resevwa ane pase, w ap jwenn li nan nouvo echèl rapò FCAT 2.0 pou ou kapab konpare li avèk nòt ane sa a. Paske prensip yo pi wo pou reyisit la, nòt konvèti elèv yo nan ane 2011 lan ka parèt pi ba nan nouvo echèl la pase jan li te ye toutbon. Pa egzantp, yon elèv ki te resevwa nòt nan Nivo Reyisit 3 nan ane 2011 tak parèt nan nouvo echèl la kòm yon elèv ki fè yon nòt nan Nivo Reyisit 2. (Sa pa vle di nòt 2011 elèv ou te chanje; nòt konvèti yo se sèlman pou konparezon pou ou kapab wè kijan nòt ane sa a konpare avèk nòt ane pase a.)